SERAT WIRID
IDAJAT DJATI

R. Ng. Ronggowarsito

S E R A T - W I R I T

IDAJAT DJATI

Serat wirit puniko Jasanipun
Raden Ngabei R A N G G A W A R S I T A
Pudjangga ageng ing nagari
S U R A K A R T A.

Kapendet saperlunipun kemawon, saha kawewahan
saking kitab sanes-sanesipun ingkang sami
- medaraken ngelmi Makripat -
T A H U N: 1852.
Sinengkalan: Myarsa wisik madyeng ati.

==========
Tjaptjapan
- 1959 -
==========

Penerbit Tan Khoen S
K e d i r i.

P r a s ā b e n .

Serat Wirid punika babonipun saking karaton - Surakarta, sinerat ing sastra Djawi. Wiwit sugeng ipun suwargi Raden Ngabei Ronggowarsito dumugi - ing dinten punika, serat Wirid punika tansah kagem para luhur ing Surakarta tuwin Ngajogjakarta; ugi ing pagrombolaning paguron-paguron punapa dene ing sawenehing pakempalan Theosofie.Manawi para luhur karsa paring wiridan dateng putra santana adat boten tilar wulangan saking Ronggowarsitan ; makaten ugi ing paguron-paguron sanesipun.

Ing djaman kina serat Wiridan punika dados kekeran; boten sadengah tijang saged nampi wiridan ingkang kados makaten punika, ngemungaken para putra santana dalem ingkang kinasih, ing samangke, - sarehne sampun ngantjik ing djaman kamadjengan, - serat Wirid ingkang samanten edinipun:medal ing pangetjapan, sarta ladjeng sumebar ing pundi-pundi. Dados tetela: tumrap ing djaman sapunika boten namung babagan kalahiran kemawon ingkang sumedya madjeng; dalah babagan kabatosan pisan, boten purun kantun. Bab punika saja kasjitna wonten ing sumebaripun kawruh Theosofie sadonja.

Mugi kawuningana: manawi para guru bade karsa paring wiridan dateng siswanipun, punika limrahipun ingkang bade nampi wiridan ndikakaken sesutji rumijin, kados ta: adus kramas, sijam ing sawatawis dinten tuwin damel wiludjengan (rasulan) ing saprelunipun, wigatos ngalap berkahipun Kangdjeng Nabi Muchamammad s.a.w. Awit saking punika, pamrajoginipun ingkang nedak wirid punika: manawi para maos bade karsa ngagem piwulang punika akanti saestu, mugi karsaa sesutji rumijin kados satataning siswa ingkang bade nampi wiridan. Dene ingkang - langkung prelu punika sadjatosipun sutjining panggalih.

Ingkang punika, sarehne Pangeran punika Mahaadil tuwin Maha asih, nanging boten pilih kasih , ... bab tinarimah tuwin botenipun saestu gumantung wonten ing lampah pandjenengan pijambak. Boten gumantung wonten ing edining serat utawi kalu

huranipun ingkang paring piwulang.

Wasana sumangga. Anggen-anggen wonten ing - karsa katarima wonten ing sarira.

Ingkang nedak.

. .

BISMILLAH IRROCHMAN IROCHIM.

Ing saderengipun wonten punapa-punapa, ing - kang wonten rumijin punika: "ALLAH", dumunung - salebetipun Nukat haib, adjudjuluk: "KUN". Inggih punika DAT sadjati. "NUKAT" tegesipun: "widji".

"CHAIB" Tegesipun: "samar". Dados Nukat Cha ib wau Widji ingkang samar, sinebut: "NUR MUCH-AMMAD", inggih Tjahja ingkang padang gumilang - tanpa wajangan, winastan "SIFAT" sadjati.

"KUN" ladjengipun: "PAJAKUN".

"KUN" tegesipun "PANGANDIKA ALLAH", Pangandi ka sapisan kangge salaminipun. Inggih punika:-- "ASMA" sadjati.

PAJAKUN TEGESIPUN: dados gumelar salaminipun Inggih punika:---"AFNGAL" sadjati.

Sadajawau dados winihing dumadi sinebut:--- "Anasir" sadjati.

Dados ALLAH wau kagungan utawi dados anasir sakawan inggih punika: "DAT",-"SIFAT",-"ASMA",- "AFNGAL" wau punika; dados baboning Roh, inggih- Baboning dumadi.

Nukat Chaib, sareng kataman pangandikaning Allah, ladjeng geter.

Gumetering Nukat Chaib ladjeng angwontena - ken:--"ROHILAFI",- inggih punika tjahja wening, mantjur, mantjorong.

Papadang ingkang kaping kalih sinebut: ROH-SADJATI, dados wawajanganing Dat sadjati.

Roh Ilafi inggih gumeter. Gumetering Roh I-lafi angwontenaken tjahja mantjawarni. Inggih - punika: tjahja idjem, petak, djene, abrid, tje-meng.

Tjahja mantjawarni wau inggih tansah angge-

ter Getering tjahja mantjawarni dados saranduning djasad, kasar alus, awahono dados raga kita puni ka, satemah saged mobah musik, sarta asabavo muna muni.

"Muna" punika ungeling batos.
"Muni" ungeling lesan.

Dene wedjanganipun, ingkang kawedjangaken dumateng para talabul ngelmi, anurut wedjangan para Wali wolu, ladjeng kakempalaken dados satunggal. Widji mendet kikijasaning dalil pangan ka Allah, kados ingkang kasebat ing dalem kadis. pangandikanipun Kandjeng Nabi Moechamad Rasullulah dateng Sajidina Ngali, dados wolung pangk kat; kapratelakaken kados ing ngandap punika.

II

No. 1. Wisikan ananing Dat.

Sadjatine ora ono opo-opo, awit duk masih awang uwung, durung ana sawidji-widji, kang ana dining iku "INGSUN"; ora ana Pangeran amung INGSUN, sadjatining Dat kang Maha Sutji, anglimputi ing SIFAT-INGSUN, anartani ing AFNGALINGSUN.

III.

No. 2. Wedaran wahananing Dat.

Sadjatine INGSUN DAT kang murba misesa, kang kuwasa anitahake sawidji-widji, dadi pada sanali ka, sampurna saka ing Kodrat-INGSUN. Ing kono wus kanjatahan pratandaning Afngal-INGSUN. Kang dingin ingsun anitahake.... KAJU, aran SADJARATULJAKIN, tumuwuh ana sadjroning alam adam Makdum Adjali Abadi; nuli tjahja aran Nur-Moechamat; nuli Katja aran Mir Atul Kajai; nuli Njawa aran Roh Ilafi; nuli Damar aran Kandil; nuli sosotya; aran Darah;nuli Dinding djalal aran Kidjab, kang minongka warananing kalarat-INGSUN.

IV.

No. 3. Gelaran kahananing Dat.

Sadjatine Manungsa iku Rahsa-INGSUN lan ING-

SUN iki Rahsaning Manungsa: karana ingsun anitah ake Adam, asal saka anasir patang prakara:

1. Bumi.
2. Geni.
3. Angin.
4. Banju.

Iku dadi kawudjudaning Sifat-INGSUN. Ing kono Ingsun pandjingi Mudah limang prakara:

1. Nur.
2. Rahsa
3. Roh.
4. Napsu.
5. Budi.

Ija iku minangka warana-NINGSUN, kang Maha Sutji

-V-

No. 4. Pambukaning tata maligé ing dalem Betal Makmur.

Sadjatine Ingsun anata maligé ana sadjero - ning Betal-makmur; iku omah enggoning paramean - Ingsun, djumeneng ana ing Sirahing Adam Kang ana sadjroning sirah iku Dimak, ija iku utak; kang ana antaraning utak iku Manik; sadjeroning Manik iku Budi; sadjeroning Budi iku Nafsu; sadjeroning Nafsu iku sukma; Sadjeroning Sukma iku Rahsa; sadjeroning Rahsa iku INGSUN. Ora ana Pangeran anging INGSUN. DAT kang angliputi ing-Kaanan Djati.

VI.

No. 5. Pambukaning tata maligé ing dalem Betal Mukaram.

Sadjatine Ingsun anata maligé ing dalem Betal Mukaram. Iku omah enggoning lelarangan -ING SUN, djumeneng ana Dadaning Adam. Kang ana sadje roning dada iku Ati; kang ana antaraning ati i-ku Djantung; sadjeroning Djantung iku Budi; sadjeroning Budi iku Djinem, ija iku Angen-angen; sadjeroning Angen-angen iku Sukma; sadjeroning Sukma iku Rahsa; Sadjeroning Rahsa iku INGSUN.

Ora ana Pangeran anging INGSUN, Dat kang anglim - puti ing Kaanan Djati.

VII.

No. 6. Pambukaning tata malige ing dalem Betal Mukadas.

Sadjatine Ingsun anata malige ana sadjeroning Betal Mukadas. Iku omah enggoning pasutjen-INGSUN, djumeneng ana ing Kontoling Adam; kang ana sadjroningng kontol iku Pringsilan; kag ana antaraning Pringsilan iku nutpah, ija iku Mani; sadjroning Mani iku Madi; sadjroning Madi, iku Wadi; sadjroning Wadi iku Manikem; sadjroning Manikem iku Rahsa; sadjroning Rahsa iku INGSUN. Ora ana Pangeran anging INGSUN, DAT kang angliputi ing Kaanan Dja - ti, djumeneng Nukat Chaib, tumurun dadi Djohar awal; ing kono ananing alam Achadijat, alam Arwah, alam Wahidijat, alam Misal, alam Adjasam, alam Insankamil. Dadining Manungsa kang sampurna, ija iku sadjatine Sifat-INGSUN.

VIII.

No.7. Panetep iman, inggih punika: ing- kang dados santosaning iman.

Ingsun anekseni: satuhune ora ana Pangeran anging INGSUN. Lan anekseni Ingsun: satuhune Muchamad iku Utusan INGSUN.

IX.

No.8. Sasahidam.

INGSUN. anekseni ing DAT-INGSUN dewe: satuhune ora ona Pangeran, anging INGSUN. Lan nekseni Ingsun: satuhunene Muchamad iku Utusan-INGSUN; Rasul iku Rasa-NINGSUN; Muchamad iku Tjahja-NINGSUN; Ija INGSUN kang urip tan kena ing pati; ija INGSUN kang eling tan kena ing lali; ija INGSUN kang langgeng tan kena ing rusak, tetep tan owah gingsir ing Kaanan Djati. Ija INGSUN kang waskita: ora kasamaran ing sawidji-widji. Ija INGSUN kang amuurba amisesa, witjaksana, ora kekurangan ing pangerti, bjar padang terawangan,

ora karasa apa-apa ora ono-katon apa-apa, amung INGSUN angliputi ing alam kabeh kalawan Kodrat-INGSUN.

X.

Wiridan angka kalih.

Ingkang sampun mawi murad maksudipun pisan. Punika babaring Wirid, ingkang mawi murad saha maksudipun pisan, ngiras minangka bubukaning Idajat ingkang dados pitedahan dununging ngelmi makripat sadaja; wijosipun saking Dalil, Kadis, Idjemak, Kijas.

Tegesing Dalil: anedahaken pangandikaning. Allah.

Tegesing adis: anjarijosaken wuwulanging Rasullullah.

Tegesing Idjemak: angempalaken wawidjangipun para wali.

Tegesing Kijas inggih punika: putusaning pamanggih ingkang sampun dipun mupakati dening para Imam sekawan 1. Imam Sapingi, 2. Imam Kambali, 3. Imam Kanapi, 4.- Imam Maliki.

Sadaja punika sami dados pambukaning kekeran ingkang medaraken rahsa ghaibing ngagesang,, supados waskita ing gesangipun, lestantuna gesang ing awal-achir Bandjing dumugining djandji sageda sampurna sangkan paranipun, sampun ngantos dumawah ing alam panasaran.

Menggah ingkang dados widjining ngelmi makripat, miturut kikijasan saking Kadis pangandikanipun Kangdjeng Nabi Muchamad, ingkang kawedjangaken dateng sajidina Ngali, kinen angestokaken ananing DAT, kados ingkang kasebut ing Dalil sapisan saking pangandikaning Paangeran kang Maha Sutji, kawisikaken ing talingan kiwa, kados ing ngandap punika:

Menggah ingkang ngandika: "Ija INGSUN sadjatining DAT kang Maha Sutji" - punika inggih GESANG kita pribadi, sajekti katitipan RAHSANING DAT kang agung-Anglimputi ing Sipat,-- punika inggih RUPA kita pribadi, sajekti kawimbuhan Rasaning DAT kang elok.- Anartani Asma,-punika

inggih NAMA kita pribadi, sajekti kaaken sasebutaning DAT kang wisesa,- Amratandani Afngal,-punika inggih SOLAH BAWA kita pribadi, sajekti anelakaken pakartining DAT kang sampurna: Mila babasanipun: wahananing DAT punika anjamadi SIPAT+SIPAT punika anartani ASMA-ASMA punika amratandani APNGAL-APNGAL punika dados warananing DAT.

Dene DAT anggenipun anjamadi SIPAT punika upami kadi madu lawan manisipun, jekti boten kenging jen kabedakna.

Dene ASMA, anggenipun amertandani APNGAL, punika upami kadi paesan, ingkang ngilo lan wewajanganipun, jekti salah bawanipun ingkang angilo, wawajangan wau anut kemawon.

Dene APNGAL anggenipun dados wahananing DAT punika, upami kadi samodra lawan ombakipun, jekti wahananing ombak anut sa-reh ing samodra.

Dados sadjatosipun ingkang anama MUCHAMMAD punika Tadjalining DAT, ing wahananing Tjahja ingkang anglimputi ing djasad, dumunung wonten GESANG kita; inggih ingkang gesang pijambak, boten wonten ingkang anggesangi. Mila Kuwasa aningali, amijarso, anggonda, angandika, angraosaken saliring rahsa,- punika saking KODRAT-ing DAT kita sadaja. Tegesipun makaten: DAT ing PANGERAN kang Maha sutji punika, anggenipun aningali amung angagem Netra-kita; anggenipun mijarsa ngagem Telingan-kita; anggenipun angganda ngagem Grana-kita; anggenipun angandika ngagem Lesan-kita; anggenipun angraosaken saliring rahsa, ugi ngagem Pangraos-kita. Sampun mawi uwas sumelang ing galih sabab: wahananing WAHJA DYATMIKA sampun kasarira; tegesipun lahir batining ALAH punika sampun dumunung wonten GESANG-kita Pribadi. Mila, . . . bebasanipun: . . . sepuh DAT-ing manungsa katimbang SIPAT-ing ALLAH. Awit dadosing DAT punika chadim adjali-abadi; tegesipun: rumuhun pijambak, kala taksih awang-awung salaminipun ing kaanan kita; dadosing SIPAT punika chudusungulam tegesipun anjar, wonton ing alam donja. Ananging sami tarik-tinarik, tetep-tinetepan; samukawis ingkang nama DAT, pu -

nika sajekti dumunung wonten ing SIPAT; sakali - ripun ingkang nama SIPAT punika sajekti kadunu - ngan DAT sadaja.

= Dene menggah urut-urutanipun dumadining DAT SIPAT punika, wonten wahananipun, kasebut ing da lil kaping kalih, saking pangandikaninipun Pange ran ingkang Maha Sutji, makaten djarwanipun:

Sadjatine Ingsun DAT kang murba amisesa,kang kuwasa anitahake ing sawidji-widji, dadi pada sa nalika sampurna, saka ing Kodrat-Ingsun. Ing - kono wus kanjatahan lan pratanda Afngal-Ingsun,mi nangkabubukaning Iradat-Ingsun. Kang dingin Ing- sun anitahake CHAJU, aran Sadjaratuljakin, tu- muwuh ana sadjeroning Alam Adammakdum adjali aba di. Nuli TJAHJA aran Nur Muchammad. Nuli KATJA - aran. Miratulkajat Nuli NJAWA aran Roch Ilafi , Nuli DAMAR aran Kandil. Nuli SOSOTYA aran. Darah. Nuli DINDING DJALAL aran Kidjab, kang minongko warananing kalarat-Ingsun.- Menggah dunungipun makaten:

SADJARATULJAKIN tumuwuh ing salebeting alam Adam makdum adjali abadi, tegesipun: kadjeng sa- djati, dumunung ing djagad sunja-ruri, taksih a- wang-awung salaminipun ing kaanan kita,--punika chakekating Dat kang masti rumuhun pijambak, ing gih punika Dat-ing Atma, inggih GESANG sadjati : dados wahananing alamAchadijat.

NUR MUCHAMAD, tegesipun: Tjahja pinudji- Katjarijos ing Kadis: warninipun kados peksi me- rak wonten ing dalem sosotya kang petak,dumunung ing arah-arah ing Sadjaratuljakin. Punika chake- kating Tjahja ingkang ingaken Tadjalining DAT wonten salebeting Nukat Chaib, minangka Sipating Atma dados wahananing alam Wahdad.

MIRATULKAJAT, tegesipun: Katja wirangi, dumu nung wonten sangadjenging Nur Muchammad. Punika- chakekating Pramana, ingkang ingaken Rahsaning - DAT, minangka Asmaning Atma, dados wahananing a lam Wachidijat.

ROH ILAFI, tegesipun: Njawa ingkang wening - Katjarijos ing Kadis: asal saking Nur Muchammad punika chakekating Soeksma, ingkang ingaken kaha raning DAT, minangka Afngaling Atma, dados waha-

naning alam Arwah.

KANDIL, tegesipun: dilah tanpa latu. Katjarijos ing Kadis: awarni sosotya ingkang mantjur mantjoronggumantung tanpa tjantelan. Ingriku kanan Kur Muchammad sarta enggon pakempalaning Roch sadaja. Punika chakekating Angan angen, ingkang ingaken wawajanganing DAT, minangka embaning Atma, dados wahananing alam Misal.

DARAH, tegesipun: sosotya. Katjarijos ing Kadis: adarbe sorot mantja warni, sami kanggenan Malaekad. Punika chakekating Budi, ingkang ingaken paesaning DAT, minangka wiwaraning Atma, dados wahananing alam Addjesam.

KIDJAB, winastan Dinding djalal tegesipun : warana kang agung. Katjarijos ing Kadis: medal saking sosotya ingkang, mantja warni. Ing nalika mosik anganakaken: uruh, kukus, toja punika chakekating djasad, minangka sesadaning Atma, dados wahananing alam Insankamil.

XI

Pratelan saking Idjemak Kijas. Papangkataning dinding djalal.

Menggah pratelanipun saking Idjemak Kijas , papangkataning dinding djalal, ingkang awarni uruh,- kukus, Toja, wau, sami dados nigang warana ingkang kasebut ingandap punika:

a. Ingkang rumijin: uruh, ngedalaken tigang pangkat 1. Kidjab kisma, dados djsad ing djawi, kadosta kulit daging sapanunggilanipun - 2. Kidjab rukmi, dados wahananing djasad ing - lebet, kadosta utek, manah, manik, djantung- sapanunggilanipun- 3. Kidjab retna, dados wahananing djasad ingkang lembat, kadosta: mani, erah sungsum sapanunggilanipun.

b. Ingkang kaping kalih: kukus, ngedalaken tigang pangkat: 1. Kidjab popetenge. dados wahananing napas sapanunggilanipun.- 2. Kidjab guntur, dados wahananing pantja indrija. -3. Kidjab latu, wahananing nafsu.

c. Ingkang kaping tiga: Toja ugi ngedalaken ti-

gang bangkat:
1. Kidjab BUN TOJA GESANG, dados kahananing SUKMA.
2. Kidjab NUR RASA, dados kahananing RAHSA .
3. Kidjab NUR TJAHJA ingkang sakalangkung padang dados kahananing ATMA.
Sadaja punika warananing DAT, sama dumunungwonten ing I n s a n k a m i l, tegesipun ka s a m p u r n a n i n g Manungsa.
Sampun uwas sumelang ing galih. Sebab: kaananing uwot sirotolmustakim, suwarga, naraka, bumi, langitsaisen-isenipun sadaja,-punika, sampun kawengku wonten saleboting w a r a n a, sinamadan doning DAT-kita kang maha agung, gumelar dados kaelokaning SIPAT- kita kang esa anartani ing purbaning ASMA-kita kang wisesa, amratandani, ing kawasaning APNGAL-kita-kang sampurna Pratelanipun kados ingandap punika:

Ing nalika ingkang Maha Sutji karsa mudjudaken SIPATIPUN winastan Adam, saking kawan prakawis: 1. Siti,-2. Latu,-3. Angin,- 4. Toja, punika kahananipunkasebut ing dalil ingkang kaping tiga, saking pangandikaning Pangeran ingkang Maha Sutji, makaten djarwanipun:

Sadjatine Manungsa iku RASANINGSUN, lan ... INGSUN IKI rasaning Manungsa karana Ingsun anitahaken Adam asal saka ing anasir patang prakara: 1. bumi, 2. geni, 3. angin, 4. banju, Iku dadi "kawudjudaning Sipat" INGSUN. Ing kono ingsun-pandjingi udah limang prakara: I. Nur=Tjahja, II. Rasa=Rahsa, III. Roh=Njawa, VI. Nafsu = Hawa, V. Akal=Budi Ija iku wahananing WADJAH-Ingsun KANG MAHA SUTJI. Menggah dunungipun makaten:

MUDAH punika Dat-ing kawula. WADJAH punika Dat-ing GUSTI kang sipat langgeng.tjarijos ingka dispandjinging mudah gangsal prakawis wau, wiwit saking embun-embunan, kandel wonten ing utek,ladjeng tumurun dateng netra, ladjeng tumurun dateng karna, ladjeng tumurun dateng grana, ladjeng tumurun dateng lesan, ladjeng tumurun dateng djadja, ladjeng sumarambah dateng djasad adaja;-

djangkepipun djumeneng Insan-kamil. Makaten punika kawimbuhan saking karsanipun Ingkang Maha Sutji, anggenipun andjenengaken maliganing DAT, ingkang katata wonten ing Bet'ullah dados tigang kahanan kados ingkang kasebut inginggil; punika sadjatosipun minangka k a j e k t e n i n g - k a a - n a n s a t u n g g a l - t u n g g a l, anandakaken k a l a r a t i n g DAT ingkang agung, kang Maha mulya, langgeng boten kenging ewah gingsir saking Kahanan djati.

XII

Para Wali Wolu ingkang karsa medjang ngelmi makRipat ing djaman Demak.

Punika warahing Idajat djati, ingkang anadahaken dununging pangkatipun ngelmi makripat, wedjangan saking parawali ing tanah Djawi. Sasedanipun Kandjeng Susuhunan ing Ngampeldenta sami karsa ambuka wiridan ingkang dados widjining wewedjanganipun suraosing-ngelmi kasampurnan pijam bak- pijambak.

Wijosipun inggih punika asal saking: Dalil, Kadis Idjemak, Kijas, kados ingkang sampun kasebut wonten salebetin Wirid sadaja. Menggah papangkatipun satunggal-tunggal kapratelakaken ing ngandap punika:

Ingkang rumijin: saangkatan kala djaman awalipun nageri Demak, para wali ingkang karsa memedjang amung wolu:

1. Kandjeng Sunan ing Giri kadaton, wedjanganni pun wisikan ananing DAT.
2. Kandjeng Sunan ing Tandes, wedjangnipun: wedaran ananing DAT.
3. Kangdjeng Sunan ing Madjagung, wedjanganipun gelaran kahananing DAT.
4. Kangdjeng Sunan ing Bonang, wedjanganipun pambukaning tata malige ing betalmakmur.
5. Kangdjeng Sunan ing Murjapada, wedjanganipun: pambukaning tata malige ing dalem Betalmucharam.
6. Kangdjeng Sunan ing Kalinjamat, wedjangnipun: pambukaning tata malige ing dalem Betalmukadas
7. Kangdjeng Sunan ing Gunungdjati, wedjanganipun

santosaning Iman.

8. Kangdjeng Sunan ing Kadjenar, wedjanganipun: sasahidan.

XIII.

Para Wali ingkang karsa medjang ngelmi ing akiripun djaman Demak.

Ingkang kaping kalih, ing saangkata malih , kala djaman akiripun ing Demak, para Wali ingkang karsa medjang inggih amung wolu:

1. Kangdjeng Sunan ing Giriparapen, wedjanganipun: Wisikan ananing DAT.
2. Kangdjeng Sunan ing Daradjat, wedjanganipun: Wedaran wahananing DAT.
3. Kangdjeng Sunan ing Ngatas-angin, wedaranipun gelaran ananing DAT.
4. Kangdjeng Sunan ing Kalidjaga, wedjanganipu: Pambukaning tata malige ing dalem Betalmakmur.
5. Kangdjeng Sunan ing Padusan, wedjanganipun : Pambukaning malige ing dalem Betalmukadas.
6. Kangdjeng Sunan ing Tembajat, wedjanganipun: Pambukaning tata malige ing dalem Betalmucharam.
7. Kandjeng Sunan ing Kudus, wedjanganipun: Santosaning Iman.
8. Kangdjeng Sunan Gesang, wedjanganipun: Sasahidan.

Dene wedjangan ingkang kasebut inginggil punika suraosipun inggih anunggil kemawon, amargi sami wiwiridan saking pamedjangipun Kandjeng Susuhunan ingNgampeldenta sadaja. Mila ing samangke dados satunggal, supados gampila anggenipun angraosaken riwajating Dalil, Kadis, Idjemak Kijas. Sarehne kakekatipun DATING PANGERAN kang maha sutji punika binasakaken: s a k a l a n g - k u n g G h a i b - tanpa warna tanpa rupa, asipat: dede djaler dede estri dede wandu, sarta : boten mawi djaman makam, boten arah boten enggen dinulu boten kenging, boten katingal, dinumuk boten kantenan, - punika isbatipun amung Tjipta-sami ta dumunung ingkang waskita. Mila wisikanipun katen:

Sadjatosipun boten wonten punapa-punapa sakatahing Asja (sawidji-widji) ingkang kasebut punika d e d e T a d j a l i n i n g Pangeran ingkang maha sutji sadaja, (Inggih punika d e d e "Ingkang Murba-misesa, kang kawasa muhung Ingsun, kang maha sutji, maha mulya muhung Ingsun".-

Menggah wisikan makaten punika, m a n a w i d e r e n g s a g e d a n a m p e n i i n g - p a n g g a l i h, mugi dipun taberi marsudi ing suraosipun.

Pangimpuning para wedjangan sadaja, kados ing kang kasebut wonten warahing Idajatdjati makaten:

Sedjatosipun DAT INGKANG MAHA SUTJI punika asipat ESA. Dipun basakaken DAT MUNTELAK KADIM ADJALI ABADI, tegesipun asipat SATUNGGAL kang masti RUMUHUN PIJAMBAK,- kala taksih awang-awung salaminipun ing KAHANAN KITA; inggih punika DJUME - NENG PRIBADI wonten salebeting NUKAT CHAIB ingkang sakalangkung langgeng.

Ingkang minangka w a r a n a n i n g DAT, sa ha dados w a h a n a n i n g SIPAT, ASMA, APNGAL sadaja ingandap punika babaripun satunggal-tunggal

1. KAJU-tegesipun GESANG; dumunung sadjawining DAT
2. NUR-tegesipun TJAHJA; dumunung sadjawining GESANG.
3. SIR-tegesipun RAHSA; dumunung sadjawining TJAHJA
4. ROH-tegesipun NJAWA; dumunung sadjawining RAHSA.
5. NAPSU-tegesipun Angkara; dumunung sadjawining - SUKMA(NJAWA).
6. 'AKAL,-tegesipun BUDI; dumunung sadjawining Napsu.
7. DJASAD-tegesipun Badan; dumunung sadjawining Budi.

Dene KAJU punika ingkang kapasrahan pangawasaning DAT, kinarsakaken anggesangi kahananing TJAHJA, RAHSA, SUKMA, NAPSU, BUDI, BADAN sadaja, sumarambah saking wiwitan dumugi ing wekasan. Menggah wiwidjanipun kados ingandap punika:

I Ing nalika KAJU anggesangi kahananing Tjahja sumarambah ing Netra, wahananipun dados saged amin-ali. Inggih punika Paningaling DAT ngagem netra kita.

II Ing nalika KAJU anggesangi kahananing Rahsa: sumarambah ing grana, wahananipun dados saged angganda. Inggih punika Panggandaning DAT ing nalika ngagem grana kita.

III Ing nalika KAJU anggesangi kahananing Sukma: sumarambah ing lidah, wahananipun dados saged angandika. Inggih punika Pangandikaning DAT ing kala ngagem lesan kita.

IV. Ing nalika KAJU anggesangi kahananing Napsu; sumarambah ing Talingan, wahananipun dados saged amijarsa. Inggih punika Pamijarsaning DAT angagem Talingan kita.

V. Ing nalika KAJU anggesangi kahananning djasad: sumarambah ingarah, wahananipun dados saged ambekan, Ladjeng nuwuhaken kuku wulu sasa minipun; inggih punika APNGALING DAT ing nalika ngagem "sa-ulah" kita. Saestu boten pae ing nalika a m r a t a n d a n i A p n g a l s a l e b e t i n g a l a m: ladjeng saged molahaken surja, wulan, lintang, angin sapanunggilanipun. ..... saisen-isenipun sadaja -sami dumunung wonten ing PURBA-WISESANING DAT, kados ingkang kasebut ing ngandap punika:

1. DAT amurba: Kaju. Tegesipun: DAT punika witing Gesang.
2. KAJU amisesa: Nur. Tegesipun: Gesang punika amengku Tjahja.
3. NUR amisesa: Sir. Tegesipun Tjahja punika amengku gesanging Rahsa.
4. SIR amisesa: Roh. Tegesipun: Rahsa punika amengku gesanging Sukma.
5. ROH amisesa: Napsu. Tegesipun: Sukma punika amengku gesanging Budi.
6. NAPSU amisesa: 'Akal Tegesipun: Napsu punika amengku gesanging Budi.

7. AKAL amisesa: djasad Tegesipun: Budi punika amengku gesanging badan wadag.

Menggah wangsulanipun makaten:

1. Djasad kawisesa dening Budi. Tegesipun: eba bhing badan punika kaprabawa saking osiking Budi.
2. Budi, kawisesa dening Napsu Tegesipun: osiking Budi punika kaprabawa saking Hawa napsu
3. Napsu, kawisesa dening Sukma Tegesipun: hawa ning Napsu punika kaprabawa saking wahana - ning Njawa.
4. Suksa, Kawisesa dening Rahsa. Tegesipun: wahananing Njawa punika kaprabawa saking pra - mananing Rahsa.
5. Rahsa, kawisesa dening Tjahja. Tegesipun: pramananing Rahsa punika kaprabawa saking pramananing Tjahja.
6. Tjahja, kawisesa dening Kaju. Tegesipun: Pra mananing Tjahja punika kaprabawa saking kawasaning GESANG.
7. Kaju, kapurba ing DAT. Tegesipun: kawasaning GESANG punika kaprabawa saking Purba-wisesaning DAT.
8. DAT punika tanpa dunungan. Purba-wisesaning sampun wonten kanjatahaning GESANG-kita pribadi. Milanipun wahananing Gesang punika tanpa wangenan kalajan ANANING DAT, Inggih Inggih " G E S A N G K I T A punika "Dat-ing GUSTI KANG MAHA SUTJI SADJATI". Sampun uwas sumelang ing panggalih m g o k m a n a w i k e - n g i n g p a m b a n g u s i n g p a r a a m b a r o n g a n.

XIV.

Panekung: wasijatipun Kangdjang Panembahan Senapati ing Mantawis.

Dene santosaning pangesti, kajektosaken ingkang dados tandanipun, punika manawi pinesu salebeting panekung, anungku semedi, aneges karsa, AMARSUDI KAWASA, Adad ingkang sampun kalampahan wonten "mangunah" dateng, kabekta ing utusan, medal saking Sarira kita kang Maha Mulja, amawa

tanda katingal saking PRAMANA, karaos ing dalem RAHSA. Ingriku manawi katarima, ingkang tjinipta: dados; ingkang sinedya; wonten; ingkang kisan: dateng . . . . . saking parmaning Kang kawasa. Menggah pratikelipun manawi bade manekung,- punika saking wasijatipun Kangdjeng panembahan Senapati ingalaga Mentawis, kados ingadap punika

W i w i t a n g i r a n g i d a a r s a r e, anjegah sahwat, ambirat napsu hawa ing dalem sawatawis dinten; ladjeng sijama a n g l o w o n g, sarta ambisu ing dalem tigang dinten - tigang dalu, boten kenging ngemu sak-serik, duka -tjipta. Manawi sijamipun kantun sadinten sadalu, sampun ngantos sdre. Sareng ing wantji tengah dalu: siram, ladjeng angagem busana ingkang sarwa sutji, sarta akekonjoh ganda wida djebadwangi, adudupa medjeng mangetan utawi mangilen, angadjengaken keblatipun pijambak; dumugi-nipun ing wantji bangun endjing: punika wiwit tapakur pedjah raga, nutupi babahan hawa sanga Patrapipun lenggah pitekur: djempol suku kapanggihaken sami djempol suku den- papak polok kapanggihaken sami polok den-gatuk; djengkul kapanggihaken sami djengkul den-rapet; padjaleran sapalandungani pun sinipata kakalija djempol suku den-leres, - sampun ngatos katindihan; nunten asta kalih ing rangkul djengkul atrap sidakep suku tunggal; da ridjining asta sami antuk selaning daridji, kados angapurantjang; djempol asta den-aben sami djempol asta, ladjeng winawas kalijan putjuking grana. Nunten amata wedaling napas, anpas, tanapas, nupus, sampun ngantos tumpang-suh kumpulipun dados satunggal, Ing ngriku tinarik saking kiwa,- dumugi ing puser: kendel saantawis dangunipun ; ladjeng ka'urunaken anengen: medal ing leng grana tengen ingkang alon, sampun ngantos kasesa,- Menawi sampun sareh, narik napas malih saking - tengen, dumugi ing puser: kendel saantawis dangunipun; ladjeng katurunaken mangiwa, medal ing leng grana kiwa, ingkang alon, sampun ngantos - kasesa, ambal kaping tiga. Kados makaten pana -

riking napas, wekasanipun manawisampun sareh, anarik napas malih: saking kiwa, mubeng nengen, saking tengen mubeng mangiwa, kakumpulaken dados satunggal wonten ing puser; ladjeng katarik manginggil leres ingkang sareh; kendel tinata wonten ing djadja; ladjeng katarik manginggil malih ingkang alon, kendel tinata wonten ing sirah Ingriku angeningaken tjipta sarwi osik matrapaken pandjenenganing DAT kita, kados makaten:

Ingsun tadjalining DAT kang Maha Sutji, kang amurba amisesa, kang kawasa ngandika "KUN"- PAJA KUN" dadi satjiptaningsun: TEKA sakarsaningsun, metu saka kodrat-Ingsun.

Manawi sampun makaten, adat sanalika kemawon kajektosan ingkang dados tandanipun. Nunten panariking napas katurunaken medal ing leng grana kalih pisah, ingkang alon, sampun ngantos kasesa ing wekasan pasrah anenangsa dateng DAT-kita pijambak.

Menggah patraping panekungan punika, pandjogi nipun sageda kalampahan ing saben wulan sapisan. Botenipun, amung ing saben dinten Idjabah kemawon sampun ngantos katawongan. Sabab, ingriku wektuning katarimah saliring panuwun, kados ingkang kapratelakaken ingandap punika:

1. Wulan Mucharam, idjabahipun tanggal kaping 9 kalijan 10.
2. Wulan Mulud, tanggal kaping 12.
3. Wulan Redjeb tanggal kaping 27.
4. Wulan Ruwah tanggal kaping 15.
5. Wulan Sijam, tanggal kaping 21. 23, 27. 29.
6. Wulan Besar, tanggal kaping 8.

Sanesipun punika sami sepen tanpa dinten idjabah andjawi idjabahing wantji ing dalem sadinten sadalu kaping sakawan: 1 ing wantji serap surja, 2 ing wantji tengah dalu, 3 bangun endjing 4 tengangé leres.

XV.

Pratelan wahananing Dat ingkang urut

Ing mangke kapratelakaken urut-urutaning na manipun wahananing DAT ingkang sampun kasebut ing ngadjeng sadaja wau, kados ingandap punika:

A. Ingkang rumijin: KAJU, tegesipun GESANG; dipun wastani KAJUN, tegesipun PANGGESANGAN; dipun wastani malih KAJAT, tegesipun ANGGESANGI; dipun wastani malih KAJU DAIM, tegesipun GESANG KANG TETEP. Ananging sadjatosipun inggih amung s a t u n g g a l "KAJU" punika. Makaten ugi sasampun ingkangnama "daim" kados ta: Imam daim, salat daim .... punika sami dumunung ing dalem - "KAJU DAIM" sadaja, tegesipun: TETEP wonten ing kahananing GESANG KITA pribadi.

B. Ingkang kaping kalih: NUR, tegesipun TJAHJA, punika sadjatosipun inggih amung satunggal, ananging dipun namani dados gangsal sesebutan:

1. NURIJAH, tegesipun: Tjahja samar; warnanipun tjemeng.
2. NURANI, tegesipun Tjahja kekalih, inggih punika Tjahja kaping kalih; warnanipun abrit.
3. NUR MAHDI, tegesipun: Tjahja sumirat; warnanipun djenar.
4. NUR BUAT, tegesipun: santosa; warnanipun idjem
5. NUR MUCHAMMAD, tegesipun Tjahja kang pinudji; warnanipun petak.

Menggah gerbanipun sadaja punika, kasebut nama "NUR'ULLAH" tegesipun TJAHJANING ALAH.

C. Ingkang kaping tiga SIR, tegesipun: RAHSA, punika sadjatosipun inggih amung satunggal, ananging dipun namani dados nenem sesebutan.

1. SIR: IBTADI, tegesipun RAHSA PURBA, inggih punika dados wahjaning asmaranala.
2. SIR: KAHARRI, tegesipun: RAHSA WISESA, inggih punika dados wahjaning asmara tura.
3. SIR: KAMALI, tegesipun RAHSA SAMPURNA, inggih punika dados wahjaning asmara turida.
4. SIR: NGADJI, tegesipun RAHSA MULJA, inggih, punika dados wahjaning asmara nada.
5. SIR: CHAKI I, tegesipun RAHSA SEDJATI, inggih punika dados wahjaning asmara tantra.

6. Sir: WAHDI, tegesipun RAHSA TUNGGAL, dipun wastani SIR: CHAIB, inggih punika dados wahjaning asmara gama. Menggah gerbanipun sadaja punika kasebut nama "SIR'ULLAH", tegesipun RAH SANING ALLAH.

D. Ingkang kaping sekawan ROH, tegesipun NJAWA utawi SUKMA. Punika sadjatosipun inggih amuung satunggal, ananging dipun namani dados pitung sebutan:

1. ROH DJASMANI, tegesipun: njawaning djasad, Inggih punika wewajanganing NJAWA ingkang anggesangaken anggotaning BADAN; dipun ngibarataken Roh chewani tegesipun kaupamakaken njawa ingkang nggesangi sato-kewan.
2. ROH NABATI, tegesipun: njawaning tumuwuh, inggih punika wewajanganing NJAWA, ingkang nuwuhaken wulu kuku sapanunggilanipun, tumanem dados gesanging Budi.
3. ROH NAPSANI, tegesipun: njawaning napsu, inggih punika wawajanganing Njawa, ingkang anggesangaken hawaning napsu.
4. ROH ROCHANI, tegesipun: NJAWANING SUKMA inggih punika wawajanganing NJAWA, ingkang nggesangaken warananing SUKMA.
5. ROH RAHMANI, tegesipun: NJAWA KANG ASIPAT MURAH dipun wastani ROH RABANI, tegesipun NJAWANING-PANGERAN, inggih punika wawajanganing NJAWA, ingkang nggesangaken kahananing RAHSA.
6. ROH NURRANI, tegesipun: NJAWANING TJAHJA, inggih punika wawajanganing NJAWA, ingkang nggesangaken wahananing TJAHJA.
7. ROH ILAPI, tegesipun: NJAWA KANG WENING, dipun wastani ROH CHUDUS, tegesipun NJAWA KANG SUTJI inggih punika wajanganing NJAWA, ingkang anggesangaken kahananing ATMA.
   Menggah gerbanipun sadaja punika kasebut nama ROH'ULLAH, tegesipun NJAWANING ALLAH.

Dene terangipun wewidjanganing Roh punika, manawi karudukaken kalijan wasijatipun Ingkang Sinuhun Kangdjeng Sultan Agung, kala musjawaratan ngelmi, kadawuhaken dateng kijai pangulu Amat kategan, makaten pangandika dalem:

"Sadjatine Roh iku SAWIDJI, minangka kahananing Rahsa", binasakake "Njawa" utawa "Djiwa", kasebut aran "Sukma". Prabedane pada mawa tanda sowang-sowang:

1. Tandaning Roh iku nganakake getih.
2. Tandaning Njawa: nganakake keketeg.
3. Tandaning Djiwa: nganakake napas.
4. Tandaning Suksma: nganakake rasaning djasad.

"Ananing Suksma iku ana papangkatane dadi pitung warna." Iki sawidji-widjine:

1. Patemoning djasad lan napas, iku den-arani Suksma wahja, tegese: Suksma lahir.
2. Patemoning napas lan budi, iku den-arani Suksma dyatmika, tegese: Suksma batin.
3. Patemoning budi lan napsu, iku den-arani Suksma lana, tegese: Suksma tetep.
4. Patemoning napsu lan njawa, iku den-araniSuksma mulja, tegese: Sukma mulus.
5. Patemoning njawa lan rahsa, iku den-arani Suksma djati, tegesi: Suksma njata; den-arani maneh: Suksma rasa, tegese, Suksmani rahsa.
6. Patemoning Rasa lan Tjahja, iku den-arani Suksma wasesa, tegese: Suksma wenang.
7. Patemoning TJAHJA lan URIP, iku den-arani Suksma Kawekas, tegese: Suksma wekasan.

Dene patemone k a b e h mau dadi SUKSMA ADI LUWIH, tegese: Suksma utama. Jen kumpul, dadi RETNA INTEN DJUMANTEN, iku ngibarating martabat Wakidajat; Sampurna dadi SASTRA LUDIRA, iku ngibarating Martabat Wahdad; Sampurna: dadi SOTYALUDIRA, iku ngibarating martabat AKADIJAT, waluja dadi MANIK MAJA, Gumilang tanpa wewajangan, tegese bali dadi DAT-ing NUKAT GHAIB, mulih marang ADJALI ABADI.

Wangsul amratelakaken uruting namanipun wahananing DAT.

E. Ingkang kaping gangsal NAPSU, tegesipun angkara, punika sadjatosipun inggih amung satunggal, ananing dipun namani dados kawan sasebutan:

1. Napsu Aluamah, tegesipun angangsa; darbe hawa murugaken dahga arep, luwe, sapanunggilanipun Wahananipun wonten ing waduk, wahjanipun saking lesan; kasebut dados ngibarat kaananing,

manah ingkang asorot tjemeng. Sampurnaning narik leburing wulu kuku.

2. Napsu Amarah tegesipun sereng; darbe hawa murugaken angkara, panasten, duduka sapanunggulanipun. Wahananipun ing ngamperu. Wahjanipun saking karna kasebut dados ngibarat kaananing manah ingkang asorot. Sampurnaning anarik leburing kulit erah.
3. Napsu Supijah, tegesipun: meles; dipun namani, harda, tegesipun: adreng; darbe hawa murugaken murka, penginan, pakaréman, kabingahan sapanunggilanipun. Wahananipun ing lilimpa Wahjanipun saking netra; kasebut dados ngibarat kaananing manah ingkang asorot djenar. Sampurnanipun narik leburing daging otot.
4. Napsu Mutmainah, tegesipun: djinem; darbe hawa murugaken loba dateng kautaman punapa dene welas asih sapanunggilanipun; terkadang ngantos, keladuk kadosta: sumedya anglampahi tanpa brata ingkang kelantur, boten mawi watawis. Wahananipun ing babalung. Wahjanipun saking grana. Kasebut dados ngibarat kaananing manah ingkang asorot petak. Sampurnanipun anarik leburing balung sungsum. Dene manawi kapatitisaken, witing Napsu punika saking utek; dumunung ing manah: dados Tjipta: dumunung ing djantung: dados birahi Wedalipun saking djantung ladjeng dados Nupus; kampen ing manah malih ladjeng dados Anpas; anunggil lampahing erah ladjeng dados Tanapas; napas, suwara-punika sami medal saking hawaning Napas sadaja.

F. Ingkang kaping nem: AKAL, tegesipun: Budi Punika sadjatosipun inggih amung satunggal, ananging dipun namani dados gangsal sasebutan. Menawi kaetang dalah ingkang rangkep nama, dados pitungsasebutan; sami anartani dateng ngibarat namaning manah. Kadadosanipun anunggil sasebutan.

1. Budi: Maknawi, inggih manah Maknawi, tegesipun wahjaning budi.
2. Budi: Sanubari, inggih manah Sanubari, tegesipun wahananing budi.
3. Budi Suweda, inggih manah Suweda, tegesipun :

woding manah; dados ngibarat kahananing budi.
4. Budi Puat, inggih manah Puat, tegesipun: woding djedjantung; dipun namani budi zaki utawi manah zaki tegesipun: manah sutji; dados , ngibarat Pramaning budi.
5. Sudi Sierrie, inggih manah Sierri, tegesipun: Rahsaning manah; dipun wastani budi Sofi, utawi manah Sofi, tegesipun: manah, inggih wening inggih ngibarat pangaosing budi.

Dene manawi kapatitisaken pakartining Budi punika dipun wastani "Pantja ndrija", tegesipun:manah gangsal, inggih punika pangawasa ingkang medal saking rahsani Budi. Peperanganipun dados , tigang pangkat sami anggangsal pakarti:

1. Dipun wastani Karmindrija, tegesipun: purba - ning budi, kados ta: paningal, pamijarsa, pang ganda, pamiraos.
2. Dipun wastani Antarendrija tegesipun: antawising budi, kados ta: keketeg, napas, kedeping netra, raosing lidah, kenjaming lati.
3. Dipun wastani Djajendrija, tegesipun: wasesaning budi, kados ta: raosing kulit, pardji djubur, asta, suku.

G. Ingkang kaping pitu: DJASAD, tegesipun: badan wadag; punika sadjatosipun inggih amung satunggal, ananging dipun namani dados kalih sesebutan:

1. Djasad wadag, tegesipun: badan kasar, kadadosan saking lebu, winastan djisim, ugi kawastanan badan djasmani.
2. Djasad latif, tegesipun: badan alus, winastan djisim latif, ugi kawastanan badan chewani.

Menggah saking djandjinipun: badan wadag kalijan badan alus punika, boten kenging pisah sangkan paranipun,-anunggil kahanan sadjati-upami satu mungging rimbagan. Ananging wawangsulan: ing tembe badan wadag punika luluh sampurna wonten , salebeting badan alus, kalimputan dening Kaju dajm, tegesipun: gesang tetep dumunung ing Kahanan kita pribadi. Mila dipun pralambangi: warangka - mandjing tjuriga, tegesipun: badan wadag dumunung salebeting badan alus. Kala badan wadag taksih dados embanan, lambangipun: tjuriga mandjing warangka, tegesipun: badan alus taksih dumunung sa

lebeting badan wadag.

Dene pratikelipun angluluh badan wadag wau, saking wasijat dalem ingkang sinuhun Kangdjeng Susuhunan Paku Buwana kapisan, kenging kalanteh anglampahi tapa brata kados ingandap punika:

1. Asusutji, tegesipun taberi siram endjing.
2. Angirang-ngirangi dahar, tegesipun: adahar namung manawi kraos luwe.
3. Angirang-ngirangi ngundjuk, tegesipun: angundjuka namung mawi sanget kasatan.
4. Angirang-ngirangi sare, tegesipun: asarea manawi sanget karipan.
5. Angawis-awisi ngandika, tegesipun ngendikaa manawi ngangge mangsa kala.
6. Anjunjuda sahwad, tegesipun: sahwata kalijan, garwa manawi sanget kangen.
7. Ambarata napsu, tegesipun: sampun ngantos ngumbar hawa, angagema budi trima, lila, legewa, utami.

Angger saged kalimpahan makaten, manawi boten kawistara sarta dumunung ingasepen, inggih wallahu alam katarimahipun.

Dene manawi bade waskita dununging ngasepen, punika, sakaliring rupa kita, kapasrahna dateng, Kang darbe rupa; saliring suwara kita kaantuk na dateng kang darbe suwara. Paningal kita, pamijarsa kita, pangganda kita, pangraos kita, pamijarsa kita, sami kawangsulana dateng sangkanipun, pijambak. Menggah patrapipun: anjidikaken eninging rahsa, angawasaken eninging pantja ndrija Tegesipun angendelaken saniskaraning ngagesang sadaja. Ing sanalika ngengkoki dados Tadjalining Gusti kang Maha Sutji sadjati, kang murba amisesa, kang kawasa andadosaken sawarnining "asja" sadaja. Manawi sampun saged makaten, inggih puniika salat daim, ingkang dipun wastani sadjatining salat. Bebasan: salat ngiras njambut damel, anglamapahi padamelan kasambi salat: lenggah sarwi lumampah; lumampah kalijan andeprok; lumadjeng salebeting kendel; ambisu kalijan tjarios; kesah,

sarwi tilem, kalijan melek. Kados makaten ngibaratipun. Sebab kakekating salat daim punika: ade gipun inggih djumenenging gesang kita; rukukipun inggih paningal kita; iktidalipun inggih pamijarsa kita; sudjudipun inggih pangganda kita; wawaosaning ajatipun inggih pamiraos kita; lenggahipun inggih tetep ing iman kita; tahjatipun inggih manteping tochid kita; salamipun inggih ma'ripat Islam kita; pupudjinipun inggih pandjing - widjiling napas kita;-ing nalika mandjing mungel "Hu" wedalipun mungel "Allah-- Dikiripun inggih awas--emut kita; keblatipun inggih madep dateng ening kita. Sampun uwas sumelang malih. Mila makaten djumenengipun DAT, SIPAT, ASMA, APNGAL kita punika sampun dados Kuran sadjati, amratandani sadjatining salat sadaja; dipun wastani Salat daim. Manawi iktitahipun salat daim punika makaten:

"Nijat-Ingsun salat daim, kanggo ing salawase urip-Ingsun; Adege ija Urip-Ingsun; rukuke ija paningal-Ingsun; iktidale ija pamijarsaning - sun; sudjude ija pangambuningsun; wawatjaning ajat ija pangutjap-Ingsun; lungguhe ija Imam-Ingsun; tahjate ija manteping tokid-Ingsun; salame; makripat-Islam-Ingsun; keblate ija madep marang eneng-ening-Ingsun; Perlu nglakoni wadjib saka Kodrat-Iradat-ingsun dewe". Ladjeng pasrah nalongso dateng DAT-ing GESANG kita pribadi Titi.

XVI

Urutipun wahananing salat.

Ingandap punika mratelakaken dawah urut-urut taning namanipun wahananing salat sadaja.



DAT MUNTELAK KANG KADIM ADJALI ABADI kasebat: Wisesa.

1. KAJUN, tegesipun GESANG, kasebut Atma.
2. NUR, tegesipun TJAHJA, kasebut Pranawa.
3. SIR, tegesipun RAHSA, kasebut Pramana.
4. ROH, tegesipun NJAWA, kasebut Suksma.
5. NAPSU, tegesipun: angkara.
6. 'AKAL, tegesipun: Budi.
7. DJASAD, tegesipun: badan wadag.

1. Dene DAT punika tanpa tuduhan, amung dumunung anarambahi wonten salebeting GESANG kita. - Ananging katah ingkang sami katambetan, awit de

ning binasakaken boten mawi djaman makam, tegesi pun boten arah boten enggen, akanta tanpa warna tanpa rupa, asipat elok, dede djaler, dede estri, dede wandu; dipun pralambangi "kombang anga djap ing tawang," tegesipun kombang angeleng wonten ing awang-awang. Mila ing dalem martabat kasebut Chaib saking dereng sanjata kahananipun.

II. Dene KAJU, punika minangka Tadjalining , DAT, awit kasorotan saking purbaning DAT sadjati dipun pralambangi "KUSUMA andjraking tawang". Mila ing dalem martabat kasebut "Takjun awal" dene wiwit sanjata kahananipun.

III. Dene NUR, punika minangka tadjalining , Kaju, inggih punika dados tarsandaning gesang awit kasorotan saking wisesaning Atma sadjati; dipun pralambangi: Tundjung tanpa telaga, tegesipun: sekar terate gesang boten mawi toja. Mila ing dalem martabat kasebut: "Takjun sami" dene sampun njata ing kahananipun.

IV. Dene SIR punika minangka Tadjalining NUR awit kasorotan saking wisesaning Pramana sedjati dipun pralambangi: isining wuluh wungwang, tegesipun boten kawistara isen-isening wuluh wungwang punika. Mila ing dalim martabat kasebut "Akajan sabitah", dene sanjata tetep ing kahananipun.

V. Dene ROH punika minangka Tadjalining Sir, awit kasorotan saking wisesaning Pramana sadjati dipun pralambangi Tapaking kontul anglajang, tegesipun: boten mawi labet tapaking peksi kontul nglajang punika. Mila ing dalem martabat kasebut "Akjancharidjiah", Dede sanjata medal ing kahananipun.

VI. Dene NAPSU punika minangka Tadjalining Roh, awit kasorotan saking wisesaning Sukma Sedjati ; dipun pralambangi. Latu murub ing teleng samodra, tegesipun: kaelokan urubing latu wonten salebeting toja punika. Mila ing dalem martabat kasebut "Akjan muchapijah", dene sanjata gesang ingkahananipun.

VII. Dene BUDI, punika minangka Tadjalining, Napsu, awit kasorotan saking wisesaning angkara, sedjati; dipun pralambangi: Kuda ngerap ing pandengan, TEGESIPUN: kapal njander, taksih kinurung wonten salebeting djadjaran dados upatjara: suraosipun sami kalijan lumpuh angineri djagad. Mila ing dalem martabat kasebut "Akjan makmawijah" dene sanjata kawedar ing kahananipun.

VIII. Dene DJASAD, punika minangka Tadjalining sipat, dados embananing para mudah ingkang sampun kasebut ingadjeng wau Awit saking kalimputan dening pakumpulaning sorot, sami sumarambah mara dani salir anggotaning badan djasmani sadaja. Mila manawi taksih djamaning sipat dipun pralambangi: kodok kinemulan ing leng, tegesipun, kodok punika ngibarating mudah, ingkang wonten salebeting djasad; eleng punika ngibarating djasad ingkang wonten ing sadjawining mudah, inggih punika kahananipun DAT ing GUSTI, taksih kalingan dening sipating kawula. Sae manawi djamaning DAT ing delahan; dipun pralambangi kodok ngemuli leng, tegese; gentos dumunung wonten inglebet, inggih punika kahananipun sipating kawula sampun kalimputan dening DAT-ing Gusti. Dados sami tarik-tinarik, tetep-tinetepan, kados ingandap punika derahipun:

- Wangsulan DAT-ing Gusti punika, kaotipun kalijan kawula, dening andarbeni pangawasa, wenang mbabar prabawa, saha narik wedaring gelar kukudan. Kados upaminipun: manawi karkating djasad, ka tarik ing pangraosing Budi, pangraosing Budi kakirup ing hawaning napsu, hawaning napsu kasirep dening wisesaning Suksma, kerem salebeting Betal makmur, ladjeng muntu wiwaraning Pramana, angl[illegible] maken saniskaraning pantja drija, mangka la prabawan dening panguwasaning Suksma, anggelar pangraos, wahananing dados t i l e m kahananing, djasad kita. Ingriku saking pangraos: katingalan 'alam-ing supena, kalaksanan saliring solah bawa sadaja.

Manawi pangawasaning Suksma mbabar pantja - ndrija sarta mbuka wiwaraning pramana, ladjeng

njirnakaken hawaning napsu, anuwuhaken pangraosing budi ngantos sumarambah ing djasad sadaja, ingriku, wahananipun dados t a n g i kahana - ning djasad kita, ladjeng uninga malih dateng saniskara ingkang katingalan ing alam donja. Mila dipun pralmbang: anenun senteg sapisan aniga si, tegesipun: saweg sakedab ing paningaling alam supena ladjeng saged wangsul uninga ingkang katingalan ing alam donja.

Kados makaten ugi upaminipun manawi karka - ting djasad katarik ing pangraosing budi, pangra osing budi kairup kawasaning napsu, kawasaning, napsu kasirep dening wisesaning Suksma, wisesaning Suksma kakukut dateng pangawasaning Rahsa, ladjeng luluh mandjing ing dalem Prawaning Tjahja, anunggil kalijan Purbaning Atma, mantuk dados sadjatining DAT MUNTELAK kang kadim, adjali abadi; ingriku wahananipun dados winastan "pe - djah" kahananing djasad kita, Ananging saestuni pun boten pedjah, namung ngalih panggenan kemawon; malah waluja, gesangipun langgeng wonten ing Kahanan ingkang Maha Mulja. Mila dipun pralambangi tanggal pisan kapurnaman, tegesipun dereng lami tumitah wonten ngalam donja, ladjeng saged wangsul malih dados Manungsa ingkang sampurna sarta waskita ing saniskara.

XVII.

Pralambang ingkang sampun dipun tegesi maksudipun.

Ing mangke ndumugekaken urut-urutipun ing panunggilaning pralambang sadaja. Ananging tegesipun sakatahing para marsudi ngelmi sami darbe pijambak-pijambak. lepas lepat/ kula mborongaken ing dudugi-prajoginipun, kados ingkang kapratelakaken ingandap punika.

1. Gigiring punglu, tegesipun: gegering mimis, ngibarat kaelokaning DAT, dening boten arah boten enggen. Ing pundi estuning panggenanipun: sajekti amung dumunung wonten DAT-ing GESANG kita
2. Tambaning putjang, tegesipun ngibarat kaelokanipun Sipating DAT, dening binasakaken dede djaler

dede ostri dede wandu. Kados punapa saestuning sipatipun: sajekti amung dumunung wonten Sipating GÉSANG kita. Wonten ingkang mastani: tambaning putjang punika elenning srana kekalih. Saking panginten mbok-manawi kalentu ing seserepan.

3. Wekasaning langit, tegesipun: punika ngibarat wangenanipun soroting Tjahja, sumarambah dumugi ing Sipat kita.
4. Wekasaning samodra tanpa tepi, tegesipun; ngibarat wangenanipun pangawasaning Rahsa, sumarambah dumugi ing sipat kita.
5. Galihing kangkung, tegesipun: punika ngibarat wahananing Suksma, dumunung ing kahananing Sipat kita.
6. Latu sakonang ngasataken samodra, tegesipun; punika ngibarat hawaning napsu wimbuh salebeting pantja ndrija kita.
7. Peksi miber ngungkuli langit, tegesipun punika ngibarat ing rosanin Budi wimbuh salebeting apngal kita.
8. Baita amot samodra, tegesipun baita punika, ngibarating djasad, samodra punika ngibarating manah sapañunggilanipun.
9. Angin katarik ing baita, tegesipun punika ngibarat lampahing napas medal saking djasad.
10. Susuhing angin, tegesipun punika ngibarat pakendelaning napas dumunung ing djantung. Wonten ingkang mastani, susuhing angin punika: rema. Saking panginten mbokmenawi kapendet saking pamrajogi kemawon.
11. Bumi kapetak ing salebeting siti, tegesipun, punika ngibarating wudjud kita: asli saking siti, ing tembe kapendem ing siti; inggih punika wahananing dados daging.
12. Mendet latu adedamar, sami kalijan latu salebeting latu, utawi latu binesmi ing latu, tegesipun punika ngibarating wudjud kita asal saking latu, tansah andadosaken latu, inggih punika wahananipun dados napsu.
13. Barat katijup ing angin, sami kalijan angin, anginte prahara,

tegesipun punika ngibaratîng wudjud kita:asal saking, anggung angingsep angin, amedalaken, angin, inggih punika wahananipun dados napas

14. Angangsu rembatan toja, sami kalijan toja wonten salebeting toja, utawi toja kinum ing toja; tegesipun punika ngibarating wudjud kita asal saking toja tansah kailenan toja; inggih punika wahananipun dados erah. Mila wonten ingkang mastani: tojo salebeting tojo punika erah.

15. Srengenge pinepe, suraosipun sami kalijan katja angemu srengenge, tegesipun punika ngibarat Tjahja kasorotan ing Surja, utawi Surja wonten salebeting Tjahja; inggih punika wahananipun dados Pramaning netra.

16. Widji wonten salebeting uwit uwit wonten salebeting widji, tegesipun punika ngibarating kawula dumunung wonten ing Gusti; Gusti dumunung wonten ing kawula. Dipun basakaken: pangleburan papan tulis.

17. Kakanganing pambajun, adining wuragil, tegesipun punika ngibarating martabat Insan kamil; ing nalika tanadjul, dawah wonten ing wekasan pijambak; sareng tarki, ing tembe dados wiwitan. Menggah Insan kamil punika wahananing Gesang kita pribadi.

18. Busana kantjana retna boten mboseni, sairib, sami kalijan Busana wastra tanpa seret; tegesipun punika ngibarating djasad; busana kantjana retna wahananipun dados djasad inglebet, busana wastra wahananipun dados kulit.

19. Tugu manika ing samodra, tegesipun punikangibarat pantenging Tjipta, anerus dateng telenging paningal. Wonten ingkang mastani tugu manika punika kalam;mbok manawi saking pangin ten kemawon.

20. Sawanganing samodra retna, dados ngibarating Babul ar'bab, tegesipun korining Pangeran, inggih punika kakekatipun palawanganing DAT, dumunung wonten ing babahan hawa sanga salebeting djasad. Menggah kabudanipun sawanganing samodra retna, punika winastan kadi se-

ka matangkep, dados ngibarat melarmingkuping maras utawi nga-mingkeming lati.

21. Samodra winotan kilat, dados ngibarating wot sirotol-mustakim, tegesipun: margi kang leres, inggih punika kakekatipun pesating Atma, dumugi ing Kalarating DAT. Wonten ingkang mastani wot sirotalmustakim punika kakekatipun, wedaling pamiraos; inggih sami pakantukipun.

22. Bale Tawang gantungan, dados ngibarating Ngaras kursi; tegesipun ngaras: padaleman, inggih punika kakekatipun pasewakaning DAT, dumunung ing sirah utawi ing djadja. Tegesipun kursi: palenggahan, inggih punika kakekatipun palenggahaning DAT, dumunung wonten ing lebet utawi ing djadjantung.

23. Widji tuwuh ing sela, dados ngibarating loch kalam. Tegesipun loch: papan, kasebut "lochil makful tegesipun: papan kang rineksa, inggih punikakakekatipun sipating DAT, dumunung wonten ing djasad rinesa ing malaekad Kiraman . Tegesipun kalam: panjaratan, inggih punika kakekatipun wajanganing DAT, dumunung wonten ing Budi, tumuwuh wonten ing angen-angen,rineksa ing malaekad Katibin.

24. Tengahing arah, dados ngibarating Midjaan.Tegesipun midjan: teradju, inggih punika kakekatipun: panimbanging DAT, dumunung wonten , ing Paningal. Ing sapunika namung kakendelaken samanten kemawon urut-urutanipun panunggilaning perlambang sadaja manawi kapratelaken ing sadumuginipun tanpa wekasan, tur boten patos ndadosaken parluning suraosipun.Dene manawi wonten pralambang elok ingkang kadamel tjangkriman, pradikanipun kawawas saking dugi prajogi kados ingandap punika: Sawarnanipun ingkang binasakaken ageng, wijar, pandjang, inggil, langkung sapanunggilanipun, punika dados ngibaratipun ananing DAT. Sawrananipun ingakang binasakaken alit, tjijut, tjelak, andap, kirang ..... sp, punika, dados ngibarat wahananing sipat. Upami ungelan makaten: "Botok banteng winungkus ing godong asem,

kabitingan ing alu bengkong",-punika pradika nipun botok banteng dados ngibarat wahananing DAT, godong asem dados ngibarat wahananing , sipat; alu bengkaong dados ngibarat kahananing APNGAL sadaja. Menggah dunungipun makaten:Ana ning DAT kita punika awarana wahananing sipat kita, katanda solah-bawa kita; nanging wardi-nipun ingkang sadjati, punika boten prajagi , manawi kadamel raraosan ingakatah. Kenging di pun wiraosaken amung kalijan ingkang sampun , sami tunggil ngelmi, sarta ingkang sampun katu-wuhan dudugi, tegesipun langkung tengah tuwuh.Me nawi kawiraosken dateng ingkang dereng darbe du-dugi, mindak karumijinan tuwuh, amargi dereng du munung wahananing tumuwuh, liripun kados wiraja-ting para sepuh, ingatasing tijang gesang punika awit saking lahir dumugi seladjengipun: awijos , katuwuhan "Iradating DAT" ngantos kaping kalihwe las. Ing dalem satuwuhan antawisipun nem taun,ka dos ingkang kapratelakaken ing ngandap punika:

1. Awit saking lahir dumugi 6 taun katuwuhan su-pe; tegesipun dereng saged anget.
2. Awit umur 7 taun 12 taun katuwuhaken enget.
3. Awit umur 13 taun dumugi 18 taun katuwuhan B udi.
4. Awit umur 19. taun dumugi 24 taun katuwuhan birahi.
5. Awit umur 25 taun dumugi 30 taun katuwuhan - murka.
6. Awit umur 31 taun dumugi 36 taun katuwuhan - weweka.
7. Awit umur 37 taun dumugi 42 taun katuwuhan - dudugi.
8. Awit umur 43 taun dumugi 48 taun katuwuhan - santosa.
9. Awit umur 49 taun dumugi 54 taun katuwuhan - rumaos.
10. Awit umur 55 taun dumugi 60 taun katuwuhan - wirangi, tegesipun apikan, resikan.
11. Awit umur 61 taun dumugi 66 taun katuwuhan - djatmika, tegesipun anteng.
12. Awit umur 67 taun dumugi 72 taun katuwuhan - pepeka. Dene langkungipun saking punika, a -

adat katuwuhan supe malih, tegesipun asring- a-sring kasupen. Menggah pratikelipun supados sam pun supe malih, punika namung njegah napsu hawa sabab sadjatosipun ingkang dados awisesanipun u lah ngelmi kasampurnan punika n a m u n g n ap s u. M a n a w i s a g e d m b i r a t napsu adat kadunungan a w a s, e m u t. Manawi tansah awas emut, saestu manggih kamuljan ing sangkan, paran, sasaminipun Kados wirajating para ahli - ngelmi, kasebut ingandap punika:

I Taberi, sutji, temen-mangka pambirating dur-gan dana, tegesipun: ganda awon.

II Angirangi dahar minum,-mangka pangluluhaning raga.

III Angawis-awisi sare sahwat - mangka panglujuting Djiwa.

IV. Angirang-ngirangi napsu luwus-mangka panglenjepaning Rahsa. Manawi sampun lenjap rahsanipun, kabar ladjing lujut dados Tjahja gumilang tanpa wajangan ing Kahanan kita kang sadjati. Punika sarehning kula dereng saget anglampahi pijambak, dados namung njumanggakakan pamanggihing panggalih kemawon.

XVIII

Mratelakaken manawi sampun parek ing dinten kijamat, bade kadatengan bangas.

Ing wasananipun mratelakaken Riwajating Kadis, manawi sampun parek ing dinten kijamat. Ing riku wonten ingkang dados tanda bade kadatengan, bangas, tegesipun utusaning Pangeran Ingkang Maha Sutji: andawahaken djandji dateng alam donja, awijos warni malaekad Djabarail, kinen mundut sadaja pangkat, kados ingkang kasebut ingandap punika.

1. Mundut barkating bumi: punika manawi isbating wudjut kita, dados ngibarat: sudaning rupa warna.
2. Mundut adiling Ratu; punika mengwi isbating - wudjud kita, dados ngibarat: ewahing paningal pamijarsa pamirosa.
3. Mundut lomaning para sugih punika manawi isba

ting sudjut kita, dados ngibarat: kendoning, otot, saranging erah, abering mani.

4. Mundut wiranginingpandita; punika manawi is bating wudjud kita, dados ngibarat; gingsi - ring budi.
5. Mundud nastapaning ngawerda; punika menawi isbating wudjud kita, dados ngibarat: wimbuh dahganing napsu luamah tanda bade lerem.
6. Mundut sabaring ngasudra; punika manawi isba ting wudjut kita, dados ngibarat: wimbuh ang karaning napsu amarah, tanda bade sirep.
7. Mundut sih-ing kadang warga; punika menawi , isbating wudjut kita, dados ngibarat: wimbuh murkaning napsu supijah, tanda bade sirep.
8. Mundut wiranging pawestri; punika manawi is- bating wudjud kita, dados ngibarat: wimbuh - lobaning napsu mutmainah, tanda bade sirep - pramanem.
9. Mundut imaning; mukmin; punika isbating wu- djud kita, dados ngibarat: gingganing Suksma
10. Mundut sastraning Kur'an; punika manawi isba ting wudjut kita, dados ngibarating: ingse' - ding Rahsa.

XIX.

Mratelakaken panengeran manawi tijang bade ti- lar donja.

Manawi sampun kaingsed manah rahsanipun, punika tanda sampun kawistara ing panengeran. Meng gah dununing panengeran punika kalih pangkat : ingkang sapangkat nedahaken panengeran saking , paningal kita pribadi, kalih pangkatipun nedaha ken panengeran ingkang kawistara ing paningal dateng lijan.

Dene ingkang nedahaken panengeran saking ki ta pribadi, andjawi ingkang sampun kasebut ing salebeting serat Wirid sadaja, punika wonten pa nengeran malih saking riwajating kitab Tarikul- ngaripin. Makaten djarwanipun:

Awijos, manawi sampun mantjad ing dinten ki jamat punika ingkang dados ngalamatipun: kadate ngan tjahja kaping nem rambahan.

1. Kadatengan tjahja medjil saking badan kita,

warninipun kados bun kalamukan mina petak Salebeting tjahja katingal sipating rurupan wudjud petak, awarni manungsa, busananipun sarwa djenar, angaken nama malaekad, utusaning , para Nabi Poma sampun ngantos kaimanaken, sabab punika wawajangan dat ing utek kita pribadi.

2. Nunten kadatengan tjahja midjil saking badan, kita malih. Salebetipun tjahja katingal peksi warninipun kados tawon, angaken nama Burak,melampah katitian menggah dateng suwarga. Poma sampun kaimanaken, sabab punika wawajangan dat ing manik kita pribadi.
3. Nunten kadatengan tjahja midjil saking badan, kita malih. Salebeting tjahja katingal wonten tijang djaler bagus, warninipun paningal kados, kilat lesanipun tansah medal latu, suwara kados gelap, paksa adamel gora goda. Poma sampun kagingsir ing tjipta, sabab punika wawajangan dat-ing budi kita pribadi.
4. Nunten kadatengan tjahja medal saking badan , kita malih, alimengan kados pepetenging dalu salebeting tjahja katingal kados katja: salebeting katja katingal wonten sorot gumilang ; salebeting sotya katingal wonten tijang estri semunipun kados angatjarani. Poma sampun ngantos kagimir ing tjipta, sabab punika wawajangan dat-ing napsu kita pribadi. Ingriku sampun ndungkap dumugining djaman karahmat'ullah Dipun santosa.
5. Nunten kadatengan tjahja midjil saking badan. kita malih, warninipun kados mega, ngadeg saking pulung manah dumugi ing sirah. Salebeting tjahja katingal wonten sipating rurupan warni warni, tanpa etangan inggih punika Malaekad, kados bade metuk kita. Poma sampun ngantos kenjut ing tjipta, sabab punika wawajangan dating suksma kita pribadi. Ingriku sampun ngambah salebeting djaman karahmat'ullah. Dipun santosa.
6. Nunten kadatengan tjahja malih, midjil saking badan kita, agengipun amung sarema, ngadeg ing

ngadeg ing larapan kita, nunten mandjing dateng netra, tumurun dateng karna, dateng grana, dateng lesan, dateng urat; medal malih katingal kados lintang, nurut dateng embun-embunan, kasatmata saking salebeting Tjpta, mandjing dateng utek, ladjeng manggen wonten ing Betalmakmur, dumunung ing Kahanan kang, Maha luhur, salebeting gedong kang Maha Sutji. Ing nalika punika wonten kang katingal aleng gah arah ing tengen kita, ngaken nama Malaekad, amedalaken tjahja saking salebeting Betalmakmur, kabekta dateng Kalarat'ullah. Pomasampun ngantos kasupen salebeting Tjipta, sabab punika wawajangan dat-ing Rahsa kita - pribadi. Ingriku sampun dumugi salebeting Kasampurnan, dipun wastani Pamoring kawula Gusti.

Done ingkang nedahaken panengeran saking kawistara ing paningal dateng lijan, pamawas kita kapratelakaken ingandap punika:

1. Manawi kawawas sampun darbe lageaan ingkang, beda kalijan adatipun, utawi wangsul kados lagosanipun kala taksih lare, punika tanda - bede alijan; tegesipun meh kadatengan bangas inggih punika utusaning Pangeran Ingkang Maha Sutji.
2. Manawi kawawas sampun sonja matinipun, utawi ulatipun sampun putjet, wajangan salebeting, netra sampun ontjat, urubing paningal sampun sirep; ndadosaken kamisawangen, kedep sampun kendel, imbanipun sampun tikel, talinganipun sampun pengleh grana sampun mingkus, manawi kagrajang ketegipun sampun sepen, badan asrep sarta sampun mambet gandaning sawa, punika ingkang kawawas wau tanda sampun dumugi ing djandji, ngalih dateng panggenan Kang Maha - mulya, nunggil Kahananing DAT kita kang Maha Sutji. Punika sumangga ing panampinipun Amung atur pamudji kula: mugi-mugi sami sageda nampeni ing sasuraosing ngelmi sadaja. Sabab:da liling ngelmi: makaten djarwanipun:
"Ageng-agenging dosa punika: tijang ulah ngel

mi makripat. "Tegesipun: manawi tijang oleh ngelmi makripat punika ketanggelan awit dereng kabuka ing pambudi, saestu dados dosa ageng, amargi, boten sumerep ing suraosipun.

Dene manawi sampun terang: saged anampeni sadajanipun, punika saestu dados kamulyaning sangkan paran tegesipun: ing awal achir boten wonten sangsajaning djiwa raga Sabab, ingkang kasebut, ing Kadis, makaten darwanipun:

> "Sinten ingkang sumerep ing Pangeranipun - saestu sumerep ing badanipun. Sinten ingkang uninga ing badanipun, saestu inggih uninga ing Pangeranipun."

Tegesipun ingkang sumerep Pangeranipun punika: inggih ingkang sampun sumerep ing suraosing, ngelmi makripat sadaja. Tegesipun uninga dateng badanipun punika: inggih ingkang saget uninga dateng gesanging djiwa raganipun pijambak; sampun ngantos kalebetaken ingkang dados bekaning ngagesang, kados riwajating Kadis makaten darwanipun.

XX

Menggah bekaning ngagesang punika wijosipun dados kalih pangkat.

Ingkang sapangkat, dipun wastani: bekaning Djiwa katahipun gangsal warni:

1. Ngumbar napsu hawa.
2. Ambabar suka pirenaning karsa.
3. Anggelar ambek angkara murka.
4. Medar watak dora, para tjidra.
5. Nuruti budi pitenah panganiaja.

Ingkang sapangkat malih dipun wastani: bekaning raga, katahipun inggih gangsal warni:

1. Ulah tjarobo.
2. Lampah nista.
3. Tingkah deksura.
4. Kesed sungkanan.
5. Lumuh nastapa pudja brata.

Wijosipun riwajating Kadis punika, manawi kalebetan ing beka kados ingkang kasebut inginggil mau, saking adat-luwangipun asring ndadosaken

boten widodo ing gesangipun, sabab kedadosaning beka sadaja kalebet ing bebasan kawan prakawis; makaten pralampitanipun:

1. Nista: papa. Tegesipun: nista manggih papa.
2. Dora: sangsara. Tegesipun: dora manggih sangsara.
3. Dusta lara. Tegesipun: dusta manggih sakit
4. Niaja; lena. Tegesipun: niaja manggih pedjah

XXI

Kawadjibanipun tapaning ngagesang sarta djakatipun pisan.

Manawi saget suminggah saking sakatahing beka, punika aestu ndadosaken prajogining lulus, rahardja ing gesangipun. Langkung utami manawi saget nglampahi ingkang dados kawadjibanipun tapaning ngagesang sarta djakatipun pisan, kados ingandap punika pratelanipun:

1. B adan, tapanipun: patrap amor raga. Djakatipun: taberi ulah pandamelan sae.
2. Manah utawi Budi, tapanipun: narima. Djakatipun: sepen saking panginten awon.
3. Napsu, tapanipun: rila. Djakatipun: sabar ing tjoba bilahi, sarta ngapunten ing kalepatan.
4. Njawa, tapanipun: temen. Djakatipun: boten dahwen munasika.
5. Rahsa, tapanipun: utami. Djakatipun: kendel a nalangsa.
6. Tjahja, tapanipun: sutji, Djakatipun: ening
7. Atma, tapanipun: awas. Djakatipun: emut.

Andjawi saking punika, wonten malih ingkang, wenang dipun tapani utawi dipun djakati, kados ingandap punika pratelanipun:

1. Netra, tapanipun: njegah utawi ngirang-ngirangi sare. Djakatipun: lumuh ningali ing kamelikan.
2. Karna, tapanipun: njegah napsu hawa. Djakatipun: lumuh mijarsa para paben.
3. Grana, tapanipun: njegah ngundjuk. Djakatipun lumuh ngisep awoning lijan.
4. Lesan, tapanipun: njegah utawi ngirang-ngirangi daar. Djakatipun: lumuh ngraosi tijang.

5. P ardji, tapanipun: anjegah sahwat. Djakatipun lumuh pandamel djina, babandrekan.
6. Asta, tapanipun: njegah tjolong tjalimut.Djaka tipun: lumuh mara tangan.
7. Suku, tapanipun: njegah lumampah pandamel awon Djakatipun: taberi lampah isterakatan.

Manawi kalampahan makaten, saestu kasebut Djan ma utami. Mila wonten babasan saking wasijatipun Kangdjeng Susuhunan ing Ngampel denta, ingkang kadawahaken dateng putra wajah, kados ingandap punika:

1. Rurua jen arep napsu. Tegesipun: manawi rumaos bade medal napsunipun kasamura tilem.
2. Napsua jen arep perang. Tegesipun: manawi bade perang kalijan mengsah, dipun purunna wedaling napsu.
3. Peranga jen arep mangan. Tegesipun: manawi karaos luwe sanget bade neda, kasajutanakados. mengsah prang sabil'ullah.
4. Mangana jen arep lumaku. Tegesipun: manawi bade mangkat kekesahan tebih, sarapana daar sawa tawis.
5. Lumaku jen arep turu, Tegesipun manawi karaos arip bade sare, sinamura kadamel lumampat-lu - mampah. Manawi kala taksih djaman Buda, wonten babawsan makaten:

1. Sabetjikane turu: betjik melek.
2. Sabetjikani melek: betjik tangi.
3. Sabetjiane tangi: betjik lungguh.
4. Sabetjikane lungguh: betjik ngadeg.
5. Sabetjikane ngadeg: betjik malaku-mlaku.

Boten sisah mawi kategesan, saestu sampun sami sumerep eliding babasan punika. Sumangga angening ngraosaken.

Dene pakantuking tapa punika, amung lampah ing kang boten kawistara; inggih punika tansah prajit na ing gesangipun. Kados ta;

Ebahing badan kedah angangkah-angkah.
kedaling lesan kedah angirih-irih.
Empanipun mawi papan.
Patrapipun kanti dudugi prajogi.
Tumanduk animbang watawis.

Tumindak akalijan riringa, tegesipun angen wah janing mangsa kala ingkang pantes dawahing sam bawa kalijan sambada. Punika dados uger-uger-ring sudjana.

Manawi saget nglampahi makaten, saestu lulus, solahbawanipun, kajuwanan ingkang dados sakarsa-nipun, sabab wonten babasan kados ingandap puni-ka:

Rongkod-rungkuding badan kalingan dening solah su sila, Galap-gangsuling lesan kalingan dening pu-run angawon.

Warni awon kalingan dening manah sareh.

Sipat kutjewa kalingan dengan netya sumeh.

Taliti sudra kalingan dening ber Budi bawa leksa na.

Menggah ingkang binasakaken Rongkod-rungku - ding badan, punika manawi tjarobo remen nganggo, busana kusut. Galap-gangsuling lesan punika mana wi kesluru ing udjar saru. Warni awon punika ing kang boten sambodo. Sipat kutjiwa punika ingkang darbe tjatjad.

Taliti sudra punika tedaking tijang alit. Samanten punika mangsa borong ing panggeman. Kula darmi medaraken komawon. Sarehning dereng saged nglampahi pijambak, dados amung atur pupudji da-teng ingkang kasdu marsudi: mugi-mugi sami sage-da nglampahi, saking angsal parmaning. Pangeran, ingkang asipat mirah ing donja, asih ing acherat kasandangan Iman Sabitah, tegesipun iman ingkang tetep, kados ingkang kasebut ingandap punika:

I Iman Hidajat, Dumunung ing kita: dados pito dahaning awas.

II Iman Mufasal, dumunung ing kita: dados pasi lahaning emut.

III. Iman Sadra; dumunung ing kita: dados pambu-kaning Budi.

IV. Iman Chalir, dumunung ing kita: dados pange stining birahi.

V. Iman Maksum, dumunung ing kita: dados pa-ngreksaning napsu.

VI. Iman Maktum, dumunung ing kita: dados pa-nuntuning eneng.

VII. Iman, Makbul, dumunung ing kita: panarima - ning ening.
VIII. Iman Mudjamal, dumunung ing kita dados kaelokaning wirangi.
IX. Iman Ghaib, dumunung ing kita: dados panuksmaning Suksma.
X. Iman Tajibin, dumunung ing kita: dados pasu tjianing Rahsa.
XI. Iman Kamilmukamil, dumunung ing kita: dados kasampurnaning Pramana.
XII. Iman Daim, dumunung ing kita: dados panetepaning Atma.

Ing wasana, liring pamudji kula: sampun ngan tos sami nandang Iman Mardut akalijan Iman Taghajur, ingkang ndadosaken panulaking enget kalijan ewah gingsir ing saniskara.
Allahumma Istadjibdunga: abilcharati! Amin Amin, Amin, ja Rabbul'ngalamin!

XXII.

T A M B H A N.

Petjahin: Anasir kawan warni, dados njakawan-njakawan kaping 18, kados ingandap punika.

Nukat ghaib: Tjahja Muchammad.

Allah

ija:

Kun: Pangandika Allah.

ija:
Nukat ghaib
ija:

1. Dat, Sipat Asma, Apngal.
2. Dat mutelak, Dat subekti, Dat salikin, Dansuhut Anasir sadjati.
3. Sipat: Kahar, Djalal, Djamal, Kamal.
4. Alam: Nusut, Djabarut, Laut.
5. Nur, Sir, Roh, Djasad.
6. Napsu: Mutmainah, Supijah, Amarah, Aluamah.
7. Napas, Tanapas, Nupus.
8. Roh: Hapi, Rahmani, Nurani, Rochani.
9. Roh: Rabani, Nabati, Chewani, Djasmani.
10. Sarengat, Tarekat, Chakekat, Makripat.
11. Hani, Wadi, Madi, Manikem.
12. Sidik, Amanat, Tabligh, Patonah.
13. Dikir: Satarijah, Isbandijah, Bardjah, Djalalah.
14. Salat: Kusta, Chadji, Ismungalim, Daim.
15. Djohar, Adam, Addjebuldanbi, Insankamil.
16. Dalil, Kadis, Idjemak, Kijas.
17. Lapal, Hakna, Murad, Maksud.
18. Ekram, Mikrad, Munadjad, Tubadil.-(Salat sadjati).

XXIII

Tegesipun sipat kalih dasa.

Allah: 1. Suktji, gesang, nggesangi sagung dumadi.
Kun: Pangandika Allah.
Nukat ghaib: Widji ingkang samar, inggih Sotya ingkang minulja, inggih Kratoning kabatinan, inggih sinebut Nur Muchamad.

2.

Dat: Sudjud, Wudjuding Allah.
Sipat: Warna, inggih Tjahja, Tjahjaning Allah.
Asma: Aran, angarani Pribadinipun.

Apngal:	Pakarti, pakartining allah.

3.

Dat muntelak:	Djasad.
Dat Subekti:	Roh.
Dat Salikin:	Rahsa.
Dat Suhut:	Tjahja=Nukat ghaib.

4.

Kahar: Agung.	Ingkang agung: Dat-ipun dening nglimputi sagung dumadi.
Djalal: Elok.	Ingkang elok: Sipat-ipun, dening boten wonten ingkang njameni, dede djaler, dede estri, dede wandu.
Djamal: Wisesa.	Ingkang wisesesa: Asmanipun, dene nartani kahanan sadaja.
Kamal: Sampurna.	Ingkang sampurna: Apngalipun, dene anggelar kahanan, tanpa kutjewa.

5.

Alam Nasut:	Alaming Djasad.
Alam Malakut:	Alaming Roh (Njawa).
Alam Djabarut:	Alaming Rasa.
Alam Laut:	Alaming Tjahja.

6.

Wudjud:	Badan.
Ilmu:	Rasa.
Nur:	Tjahja.
Suhud:	Sampurna.

7.

Nur:	Tjahja.
Sir:	Rasa.
Roh:	Njawa.
Djasad:	Badan.

8.

Mutmainah:	Napsu petak dumunung ing grana
Supijah:	" djene, " " netra
Amarah:	" abrit, " " karna
Luamah:	" tjemeng " lesan

9.

Napas	Angining	lesan.
Tanapas	"	karna.
Anpas	"	netra.
Nupus	"	gerana.

10.

Roh Illapi	gesanging	grana.	
Roh Rahmani	"	netra.	Djisim alus.
Roh Nurani	"	karna	
Roh Rochani	"	lesan	

11.

Roh Rabbani	Gunaning	grana.	
Roh Nabatti	"	netra.	
Roh Chewani	"	karna	
Roh Djasmani	"	lesan.	Djisim wadag.

12.

Sarengat	Lakuning	badan.
Tarekat	"	ati.
Chakekat	"	njawa.
Makripat	"	Rasa.

13.

Mani	Njataning rasa.
Wadi	Wadhahing rasa.
Madi	Djatining rasa.
Manikem	Kumpuling Rasa.

14.

Sidik	Bener.
Amanat	Pratjaja.
Tabligh	Nekakake.
Patonah	Witjaksana.

15.

Dikir satarjah, teg: Dikiring djasad, wonten sa lebeting alam Nasut, dipun wastani dikir sarengat; sam pumaning dados boten re-kasa.

Dikir isbandijah,	teg:	dikiring ati, wonten sale beting alam Malakut, dipun wastani dikir tarekat sampurnanipun dados boten karasa.
Dikir bardjah,	teg:	dikiring Njawa, wonten sa lebeting alam Djabarut, dipun wastani dikir kakekat sampurnanipun dados boten rumangsa.
Dikir djalalah,	teg:	dikiring Rasa, wonten salebeting alam Laut, dipun wastani dikir makripat; sampurnanipun boten wonten rasa punapa-punapa.

16.

Salat Djumaat,	teg:	salat sarengat
Salat Kusta,	teg:	salating lesan, dados eneng.
Salat Kadji,	teg:	salating karna, dados ening.
Salat Ismungalim,	teg:	salating netra, dados awas
Salat Daim,	teg:	salating grana, dados eling.

17.

Djohar.	teg:	sosotya.
Adam.	teg:	ora = dihin.
Addjebuldanbi	teg:	pasenedaning Rasa.
Insankamil	teg:	sampurnaning manungsa.

18.

Dalil,	teg:	Pangandikaning Allah, dateng Kangdjeng Nabi Muchammad.
Kadis,	teg:	Dawuhing Kangdjeng Nabi , dateng para sahabat.
Idjemak,	teg:	Wawarahing para sakabat.
Kijas,	teg:	Wulanging para wali dateng para pandita utawi mukmin

19.

Lapal teg: tembung Arab.
Makna teg: tembung Djawa.
Murad teg: wredi.
Maksud teg: surasa.

20.

Ekram, teg: tjengeng, eling, ndjinggleng ing Dat'Ullah;sampurnanipun kantun DAT-ing Allah pijambak.

Mikrad, teg: muljakaken utawi ngluhura - ken ing Dat'Ullah.

Munadjat, teg: sapotjapan, inggih punika , ngendelaken utjaping kawula sampurnanipun kantun Pangan dikaning Allah pijambak.Ing kang dipun pangandikaken inggih Allah.

Ngubadul, teg: molah, nirnakaken, polahing kawula;sampurnanipun kantun Polahing (Apngaling) Allah-balaka.

XXIV.

Chakekating Roh Pitu, Ati pitu, Suarga, Naraka pitu.

1. Ati puat, ja iku djantung Palawangane ing puser. Rohe Roh'Ullah. Suargane: Djanat'ulnaim tegese luwih nikmat; njatane: turu kepati.Narakane: djahanam, tegese: luwih panas; njatane: luwe lan lara weteng.
2. Ati mudjarat, ja iku sulbi; palawangane ingdakar. Rohe Roh kudus Suwargane Djanat'ula - dnin, tegese: luwih endah Njatane: metu mani Nerakane: djakin, tegese luwih adem: njatane adus djinabad lan ngujuh.
3. Ati tumadjuh, ija iku waduk. Palawangane ing djubur. Rohe Roh Sirrik'ulalam. Suwargane: Djanat'ultawab, tegese lega; njatane ngentut

lan ngising. Narakane: welul, tegese luwih - lara; njatane: lara ngising, lan ngising getih.

4. Ati salim, ja iku gindjel; palawangani ing irung; napsune Mutmainah, rupane putih, lakune anggonda. Rohe roh Rochani. Suwargane: Djanat'ulfidos, tegese luwih lawas: njatane wetuning napas. Narakane: Asapalarsapilin. tegese luwih sesek. Njatane: lara mengi, lan - ampek.

5. Ati Sanubari, ja iku limpa Palawangane ing - mripat. Napsune: Supijah, rupane kuning. Lakune: ndeleng Rohe roh Rabbani. Suwargane: Djanat'ulsamsi, tegese luwih padang; njatane weruh samubarang. Narakane: sahir, tegese peteng njatane lamur utawa wuta.

6. Ati Maknawi, ja iku amperu. Palawangane: ing kuping. Napsune Amarah, rupane abang. Rohe roh ..... Suwargane Djanat'ulmaot, tegese - luwih elok, njatane: pakumpulaning swara. Narakane: Lalim, tegese pepet; njatane lara kuping utawa tuli.

7. Ati Sawadi, ja iku usus. Palawangane ing lesan. Napsune Luamah, rupane ireng. Lakune: ngutjap. Rohe roh Ilapi Suwargane: Djanat'ulsukri, tegese luwih suka; njatane: gumuju. Narakane: Sukra, tegese suker; njatane: nangis

XXV.

Bab dikir warni-warni.

1. Dikir satarijah, punika dikir ing alam nasut inggih dikir sarengat: "La Illa ha Il Allah" dikiring lesan.
2. Dikir Isbandijah, punika dikir ing alam malakut, inggih dikir tarekat: "Il Allah, Il A - llah", dikiring manah.
3. Dikir Bardjah, punika dikir ing alam djabarut inggih dikir kakekat: "llah, Allah", dikir - Roh.
4. Dikir Djalalah, punika dikir ing alam Laut, inggih dikir makripat, "Hu Hu", dikirng Rasa.

5. Dikir napas, punika bade anurutaken kalimah ingkang rumijin, nalika malebet"Allah".
6. Dikir manah, inggih punika nalika dikir:ing salebeting manah sampun ngantos ngalem bilih punika wau paworing kawula Gusti, awit panu nggiling Allah ing kawula wau sampun salami nipun (boten petjat sakedap netra).
7. Dikir Sughul insankamil, inggih punika nali ka adjeng-adjengan kalijan gurunipun, katedahaken paesan djati, kinarja angindjen-indjen ing DAT'ULLAH TANGALA.
8. Dikir Sughul kalahijah, inggih punika dikir nalika lumampah: nalika ngidakaken suku ing kang tengen, anurutaken kalimah ingkang rumijin: "La Illa ha". Nalika ngidakaken suku kiwa, kalimah ingkang kantun"Il Allah".
9. Dikir Sughul Ismu Dat, inggih punika nalika bade anurutaken Asma Allah ing dalem manah, kalijan pikir, kalijan mangsi kantjana, ing kang pinda tjahjaning Surja, tjandra, karti ka.
10. Dikir Sughul Ibarat, inggih punika nalika - bade anjipta Asma Allah kadjumbuhaken kalijan ingkang kamirengaken, ingkang katingalan tuwin ingkang kaganda.
11. Dikir Sughul Mirat, inggih punika nalika ba de aningali ing dalem paesan kalijan ndjing gleng ing wawajonganing DAT; sadĝja wau pae san angindjen-indjen DAT-ing ALAH TANGALA.
12. Dikir Sughul Istija Hu lan HU Istija.Bab pu nika boten kenging kababar pratingkahipun, menawi boten kalijan pitedahing Guru, Boten sampurna manawi boten saking pitedahing Guru, sinartan pitulunging Allah. Inggih puni ka Dikir ghaib.

--- T A M M A T ---

Pratelan isinipun serat Wirit punika.

		Katja
	Prasaben.	3
I.	Ing saderengipun wonten punapa-punapa	5
II.	Wisikan ananing DAT	6
III.	Wedaran wahananing DAT.	6
IV.	Gelaran kahananing DAT.	6
V.	Pambukaning tata malege ing dalem Betal makmur.	7
VI.	Pambukaning tata melige ing dalem Betal mucharam.	7
VII.	Pambukaning tata malige ing dalem Betal muchadas.	7
VIII.	Panetep Iman, ingkang dados santosaning Iman	8
IX.	Sasahidan	8
X.	Wiridan ingkang sampun mawi murad maksud ipun	8
XI.	Pratelan saking Idjemak Kijas papangkat aning dinding djalal.	11
XII.	Para wali wolu ingkang karsa medjang ngelmi nakripat ing djaman Demak. . . .	13
XIII.	Para wali ingang karsa medjang ngelmi ing akiripun djaman Demak	14
XIV.	Panekung, wasijatipun Kangdjeng panembahan Senapati ing Mataram.	18
XV.	Pratelan wahananing DAT ingkang urut ..	20
XVI.	Urutipun wahananing Salat	28
XVII.	Pralambang-pralambang ingkang sampun kategesan maksudipun	31
XVIII.	Mratelakaken manawi sampun parek ing dinten kijamat bade kadatengan bangas..	36
XIX.	Mratelakaken panengeran manawi tijang bade tilar donja	37
XX.	Bab bekaning ngagesang dados kalih pangkat.	40
XXI.	Kawadjibanipun tapaning ngagesang sarta djakatipun pisan	40
XXII.	Petjahing anasir kawan warni	44
XXIII.	Tegesipun sipat kalih dasa	45
XXIV.	Chakekating Roh pitu, ati pitu Suarga pitu, Naraka pitu.	48
XXV.	Bab dikir warni-warni.	49

Hak pengarang dilindungi menurut Undang-undang.

Baru sjah peredarannja, bila sudah dibubuhi tjap tanda tangan Penerbit sebagai di bawah ini:

Penerbit, +)

+) Pendjualan buku jang tidak ada tjap tanda tangan seperti diatas, dapat diadjukan kemuka Pengadilan.

TELAH TERBIT BUKU-2 BAHASA DJAWA HURUFLATYN.

Karangan R. Ng. Ronggowarsita.

Idajat Djati.
Buku Wirid punika karanganipun R. Ng. Ronggowarsito.
Kapendet sarinipun sarta katambahan saking sanes2 buku ingkan sami medaraken ngelmi marifat
. . . . . Rp.10,-

Sapta Darma.
Karanganipun pudjangga R. Ng. Ronggowarsito isinipun: Kalatida, Djoko Lodang, Tjandra Sangkala, Sapta Djati, Sedda Jatmoko, Wedda Ragasadaja dipun wudjudaken tembang.
. . . . . .Rp.4.

Tiga Sastra.
Isinipun serat Sopanalaja, Bambang Parasara,-(petian Pustakaradja), Resi Bjasa(Petian Pustakaradja). . . . . .Rp. 6,

Weddha Satya.
Karanganipun Pudjangga R. Ng. Ronggowarsito anjariosaken Batara Paswo kalijan Batari Darini bab Katrennaning djaler lan estri.
. . . . . .Rp. 5,

Adji Dopomontro (Primbon).
Ilmu gaib, dosa-2 djapa, mantra rafal dll. -
. . . . . .Rp.15.

Darmo gandul.
Babad bedahing Karaton Madjapait Miturut sura osing serat Walisanga . . . . . .Rp.15.

Gato-lotjo.
Bantahanipun Gatolotjo tanding kalian Dewi - Perdjiwati, patrap-pratingkahing Asmaragama , tuwin dumadosipun widjining manusa, . .Rp. 8,

Katuranggan. G.
Katuranggaing Djaran, manuk Perkutut lan Kutjing . . . . . .Rp. 6.

Sari Warsita.

Nerangaken maksudipun ramalan Djongka Pudjonga R. Ng. Ronggowarsita, Ing Surakarta.
Dipun terangaken nganggé tigang basa. Tembang (kawi) Ngoko, lan basa Indonesia, isinipun :
Kala tida
Sapda tama
Sabda djati. . . . . .Rp. 5.

Wiwaha.

Ngewrat tjekak-asosipun tjarijos Wiwaha, ing kang mengku pitedah tatatjara Djawi ing djaman kina, bab lampah-lampahipun tijang madosaken-djodo anak estri, ngantos dumuginipun kalampahan daup. . . . . .Rp. 4.

WULANG REH. T.

Anggitanipun Sri S, uhunan ingkang kaping sekawan, buku punika pitutur ingkang perlu kawi gatekaken para anem miwah sepuh, wudjud tembang matja pat. . . . . .Rp. 6.-

Djampi Djawi.

Isinipun matjikan djampi Djawi ingkang tulen, asalipun saking empon-2 ngantos 303 matjem resep, djampi. . . . . Rp.10.

Mardi laras G.

Inggih punika kangge sinau angudi larasing gending Djawi, utawi sinau nabuh gamelan, ingkang boten nangge piwulangipun Guru, enggal mengertos tuwin saged nabuh pijambak Rp.5.-

Sukmo Wiworo G. Huruf Djawa Basa djawa.

Pratikel gampil anggenipun anglampahi, pitedaking kasampurnan, sarta tetedan damel pepeling aluamah tuwin amarah . . . . . .Rp. 8,

Sasmita Warni-2 G. Huruf Djawa Basa djawa.

Bab Sasmitaning, supena, Grahana Lindu, Satokewan sasmitanipun, tuwin kedut, keterangan - satunggal-2 wahananipun, ingkang bade pinanggih awon utawi saenipun. . . . . .Rp.6.